

Pa janm kite li

Pa Èldè Neil L. Andersen

Nan Kolèj Douz Apot yo

Lè nou chwazi pou n pa ofanse ni wont, n ap senti amou li ak apwobasyon li. Na va konnen ke nou vin plis menmjan avèk li.

Frè ak sè byeneme m yo, toupatou nan mond lan, mwen eksprime lanmou ak admirasyon mwen pou lafwa ak kouraj mwen wè nan lavi nou. N ap viv yon epòk remakab---men ki se yon epòk difisil.

Senyè a avèti nou sou danje k ap tann nou pi devanu yo.

Senyè a pa kite nou poukout nou nan rechèch nou pou n retounen al jwenn ni an. Koute pawòl avètisman 1 yo k ap alète nou sou danje ki pi devan yo: “Fè.....atansyon, veye, priye”¹ “Fè atansyon pou nou..... pa tonbe”² “Veye epi fè atansyon”³ “Pran prekosyon pou ke nou menm tou.... . nou pa pèdi pozisyon kote nou kanpe fèm nan”⁴

Pèsonn pa egzan anba enflyians mond lan. Konsèy Senyè a mete nou an gad.

Nou va sonje eksperyans Jezi a nan Kapenawòm nan pandan disip yo ki t ap suiv Sovè a pa t aksepte ke li sete Ptit Gason Bondye a. Nou li nan ekriti yo: “Depi lèsa a anpil nan disip yo---pa t mache avèk li ankò”⁵

Lè sa a Jezi te vire gade Douz yo e li te mande, “Nou menm, èske nou pa vle ale tou?”⁶

Èske nou pa vle ale tou?

Nan lespri pa mwen, m reponn kesyon sa a anpil fwa deja: ”Absoliman pa! Pa mwen menm! Mwen pap janm kite li! Mwen la a pou tout tan!” Mwen konnen nou reponn menm jan tou.

Men, kesyon “Nou menm, èske nou pa vle ale tou?” a fè nou panse avèk pwòp vulnerabilite pa nou. Lavi se pa yon piknik espirityèl. Pawòl Pyè yo soti nan yon lòt plas pou antre frankilman nan lespri nou: “Senyè, èske se mwen menm”⁷

Nou antre nan dlo batèm yo avèk lajwa ak anpresman. Sovè a fè nou siy: “Vin jwenn mwen”⁸ epi nou reponn, nou pran non li sou nou. Okenn nan nou pa vle pou angajman nou nan levanjil la dire sèlman yon ti brèf tan, ni menm pou yon long peryòd men nou vle 1 enfini. Chemen disip la se pa pou moun ki espirityèlman fèb nan kè. Jezi te di: “Se pou ou renmen Senyè a, Bondye ou, ak tout kè ou, ak tout nanm ou, ak tout lide ou”⁹ “Si yon moun vle mache dèyè m, se pou l blye tèt li, se pou l chaje kwa l sou zepòl li epi suiv mwen”¹⁰

Lè nou suiv Sovè a, se sè a, se sèten na pral konfwonte difikilte. Si nou abòde yo avèk lafwa, eksperyans rafinan sa yo pote yon konvèsyon pi pwofon konsènan reyalite Sovè a. Si nou abòde yo nan fason mond lan, menm eksperyans sa yo ap bouche je nou epi febli rezolisyon nou. Moun nou renmen ak admire glise soti nan wout dwat la epi “yo pa [mache] avèk li ankò.”

Kijan pou nou rete vrè?

Kijan pou nou rete vrè anvè Sovè a, levanjil li a, ak òdonans Prètriz li yo? Kijan pou nou devlope lafwa ak fòs pou nou pa janm kite li?

Jezi te di: "Si nou pa chanje, si nou pa tounen tankou yon timoun piti, nou pap janm ka mete pye nan wayòm syèl la." 11 Nou bezwen kè konfyan yon timoun piti.

Pa mwayen pouvwa Sakrifis Ekspiyatwa li a, nou va vin "tankou yon timoun piti, obeyisan, dou, enb, pasyan, ranpli avèk amou, ki vle soumèt tèt li bay tout bagay Senyè a jije nesesè pou fè l andire, menmjan yon timoun soumèt a papa l."12 Sa se gwo chanjman nan kè a.13

Byen vit nou va wè poukisa yon chanjman nan kè nesesè. Gen de mo ki sinyale danje devan nou: Mo sa yo se *ofanse* ak *wont*.

Chwazi pou nou pa ofanse

Pou moun ki te twouble pa divinite Senyè a, Jezi te mande: "Sa ofiske nou, pa vre?"14 Nan parabòl moun ki t ap simen an, Jezi te avèti: "Li[andire] pou yon ti tan:[men] lè tribilasyon oubyen pèsikisyon leve akoz pawòl la, li tonbe"15

Ofans vini sou plizyè fòm e li toujou jwenn wout li sou sèn lespri nou. Moun nou te kwè nan yo banou desespyon. Nou gen difikilte nou pa t atann. Lavi nou pa mache jan nou t ap espere a. Nou fè erè, nou santi nou pa diy, epi nou sousye pou jwenn padon. Nou poze tèt nou kesyon sou yon pwen doktrinal. Nou aprann yon bagay yo te di sou chè nan Legliz la depi 150 tan ki deranje nou. Yo pa trete pitit nou byen. Yo inyore nou oswa yo dezapresye nou. Sa kapab yon santèn bagay, chak trè reyèl pou nou nan moman an.16

Nan moman feblès nou yo, advèse a chèche pou vòlè pwomès espirityèl nou. Si nou pa veye, lespri timoun nou an ki blese a ap rale kò l dèyè antre nan koki sonb, frèt amoupwòp nou, pou n kite limyè gerizon plen chalè Sovè a dèyè.

Lè yo te jije Parley P.Pratt injisteman, an 1835 la, sa ki te pote anbarasman ak lawont pou li menm ak fanmi li, Pwofèt Joseph Smith te konseye li: "[Parley], pase bagay sa yo anba pye ou [epi] Bondye Toupuisan an ap avèk ou."17

Yon lòt egzanp: An 1830, Fredrick G. Williams, yon doktè medikal renome, te batize. Li te imedyatman bay Legliz la talan ak richès li. Li te vin yon dirijan nan Lelgiz la. Li te bay tè pou yo te bati Tanp Kirtland nan. An 1837, paske li te tonbe nan difikilte epòk la, Fredrick G. Wlliams te fè anpil gwo erè. Senyè a te deklare nan yon revelasyon an 1838 ke "Kòm konsekans transgresyon [li] yo, yo retire [li] nan pozisyon li te genyen [kòm dirijan nan Legliz la]."18

Bèl lesion nou aprann nan men Frederick G. Williams sèke "kèlkeswa feblès pèsonèl li te genyen, li te gen fòs karaktè pou renouvre lwayote li anvè Senyè a, anvè Pwofèt la ak Legliz la, pandan ke sa t ap si fasil pou l te tonbe nan amètim."19 Nan prentan 1840 la, li te prezante tèt li nan yon konferans jeneral, kote l te enbleman mande padon pou konduit pase l yo, epi li te eksprime detèminasyon li pou fè volonte Bondye alavni. Hyrum Smith te prezante ka l la epi yo te padone li ak tout kè. Li te mouri kòm namn fidèl Legliz la.

Resaman, mwen te rankontre Prezidan Tanp Brezil Recife a ki rele Fredrick G. Williams. Li te rakonte kijan desizyon karaktè gran gran papa l la te beni fanmi li ak desandan li.

Chwazi pou nou pa wont

Ofanse gen yon konpayon minab ki rele *wont*.

Nan Liv Mòmon an, nou aprann vizyon Leyi a sou pyebwa lavi a. Vizyon an pale konsènan moun nòb ki “te [mache vit] atravè gouf tenèb la, yo te kenbe bafè a byendi jistan yo te vin rive manje nan fwi pyebwa a.”²⁰

Nafi te dekri pyebwa a antanke “amou Bondye”²¹ kote l te di ke fwi sa a “te ranpli nanm [nan] avèk anpil lajwa.”²²

Apre yo te goute fwi a, Leyi te wè “yon gwo kay byen laj ... chaje ak moun ...granmoun kon jèn moun, ... gason kon fi; e fason yo te abiye a te rafine anpil; li te sanble yo t ap ... moke e yo t ap lonje dwèt sou moun ... ki te fin manje nan fwi a.”²³ Yon zanj te eksplike ke mokri a, pase moun nan betiz la, ak lonje dwèt la reprezante lògèy ak sajès mond lan.²⁴

Leyi te deklare ouvètman: “Nou pa okipe yo.”²⁵

Trisman, te gen lòt moun kouraj yo te febli. Nou li nan ekriti yo, ”Lè yo te fin goute nan fwi a, yo te *wont* poutèt lòt moun yo ki t ap pase yo nan betiz; e yo te tonbe sou wout entèdi yo, e yo te pèdi.”²⁶

Antanke disip Kris la, nou kanpe apa nan mond lan. Gen dwa gen dè moman nou santi nou enkonfòtab lè y ap lonje dwèt epi moke ak rejte sa ki sakre pou nou.²⁷ Prezidan Thomas S. Monson te avèti nou: “Si rasin temwayaj nou pa plante byen fèm, l ap difisil pou nou pou n kanpe devan mokri moun k ap defye lafwa nou yo.”²⁸ Nefi te di: “Nou pa okipe yo”²⁹ Pòl te reprimande nou: “Paske se pa yon espri laperèz Bondye mete andedan nou; men yon espri puisans ak lanmou... Se poutèt sa...pa wont pou temwayaj nou konsènan Senyè nou an.”³⁰ Nou pa janm kite li.

Pandan m te akonpaye Prezidan Dieter F. Uchtdorf an Ewòp ane pase, m te etone wè lafwa ak kouraj Sen yo. Yon dirijan Prètriz nan Ikrèn te di nou ke l te aple nan prezidans branch lan nan prentan 1994, sis mwa sèlman apre batèm ni. Sa te mande pou l te rann lafwa li publik ak ede anrejistre legliz la nan vil Dnipropetros’k. Se te yon epòk ensètitid nan Ikrèn, epi montre lafwa li nan Kris la ak nan levanjil retabli a te kapab vle di difikilite, enkli posiblite pou pèdi travay li kòm pilòt.

Dirijan Prètriz la te di nou: “Mwen te priye ak priye. Mwen te gen yon temwayaj, m te fè yon alyans. Mwen te konnen kisa Senyè a te vle m fè.”³¹ Avèk kouraj, li menm ak madanm ni te avanse avèk lafwa, san yo pa t wont pou levanjil Jezikri a.

Moun ki resewwa anpil, y ap mande l anpil

Gen kèk moun k ap mande, “Èske m oblige si diferan avèk lòt moun?” “Èske m pa ka yon disip Kris la san m pa twò panse ak konpòtman mwen?” “Èske m pa ka renmen Kris la san kenbe lwa chastete a?” “Èske m

pa ka renmen li epi fè sa m vle jou Dimanch?” Jezi te bay yon senp repons: “Si nou renmen mwen, se pou n respekte kòmandman m yo.”³²

Gen moun ki mande: “Èske pa gen anpil moun lòt reliyon ki renmen Kris la?” Natirèlman genyen! Sepandan, antanke manm Legliz Jezikri Pou Sen Dènye Jou yo, ki gen yon temwayaj konsènan reyalite li, non sèlman apati Bib la, men apati Liv Mòmon an tou; ki konnen Prètriz li a te retabli sou tè a; ki fè alyans sakre pou suiv li epi ki resevwa Don Sentespri a; ki dote avèk pouvwa nan tanp sen li a, epi ki mete apa pou prepare pou retou gloriye li a sou tè a, nou pa kapab konpare sa nou dwe ye avèk moun ki poko resevwa verite sa yo. “Paske moun ki resevwa anpil, y ap mande l anpil.”³³

Senyè a te di: “Ou kapab chwazi pou tèt pa w”³⁴

Mwen pwomèt nou, si nou chwazi pou nou pa ofanse ni wont, n ap santi amou li. N ap konnen ke n ap vin menmjan avèk li”³⁵

Èske nou pral konprann tout bagay? Natirèlman non! Nou pral mete kèk pwoblèm dekote pou nou ka konprann yo pi byen nan apre.

Èske tout bagay ap jis? Non. Nou pral aksepte kèk bagay nou paka fikse, epi padone lòt moun lè yo blese nou.

Èske nou pral santi pafwe ke nou separe pafwa avèk moun ki bò kote nou? Absoliman.

Èske nou pral etone pafwa pou wè kòlè kèk moun santi anvè Legliz Senyè a, ak efò yo pou vòlè lafwa branlan moun ki fèb yo?³⁶ Wi. Men sa pa pral anpeche kwasans Legliz la ni destine li, ni non plis sa pa bezwen stope pwogrè espirityèl nou chak antanke disip Senyè Jezikri.

Pa janm kite li

Mwen renmen pawòl sa yo, ki nan yon kantik favori mwen:

“Moun ki apiye sou Jezi pou jwenn repo

Mwen pa p, mwen pa kapab abandone l bay lenmi li.

Moun sa a, menmsi tout lanfè ta tante sekwe li

Mwen pa p jamè, non jamè, mwen pa p jamè, non jamè,

Mwen pa p jamè, non jamè, non jamè, abandone l!”³⁷

Pèfeksyon p ap vini nan lavi sa a, men nou egzèse lafwa nan Senyè Jezikri, epi nou kenbe alyans nou fè avèk li yo. Prezidan Monson pwomèt: “Temwayaj nou, lè nou nouri li konstaman, ap kenbe nou an sekirite.”³⁸ Nou pouse rasin espirityèl pwofon, pandan n ap fè festen ak pawòl Kris la nan ekriti yo. Nou

kwè nan pawòl pwofèt vivan yo, ke yo mete devan nou pou montre nou chemen an. Nou priye epi n priye, epi nou koute ti vwa dous Sentespri a ki ap dirije nou sou chemen an epi pote lape nan nanm nou. Kèlkeswa pwoblèm ki leve, nou p ap janm, janm kite li.

Sovè a te mande Apot li yo: "E nou menm, nou pa vle ale tou?"³⁹

Pyè te reponn: "Senyè, ki moun pou nou al jwenn? Se ou menm ki gen pawòl lavi k ap bay lavi ki pap janm fini an.

".... Nou kwè, e nou konnen ou se Kris la, Pitit Gason Bondye vivan an."⁴⁰

Mwen menm tou mwen gen temwayaj sa a. E mwen temwaye konsa, nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Mak 13:33
2. Doktrin ak Alyans 46:8
3. Doktrin ak Alyans 42:76
4. 2 Pye 3: 17
5. Jan 6: 66
6. Jan 6:67
7. Matye 26: 22
8. 3 Nefi 9: 14
9. Matye 22:37
10. Mak 8:34
11. Matye 18:3; Gade nan Mak 10:15; Lik 18: 17, 3 Nefi 9: 22; 11:37-38
12. Mozya 3: 19
13. Gade nan Alma 5; 14
14. Jan 6:61
15. Matye 13:21
16. Gade nan David A.Bednar, Epi Anyen Pa pral Ofanse Yo, " *Lyawona*, Nov. 2006, 89-92.
17. Joseph Smith, nan *Otobiyografi Parley P. Pratt* ed. Parley P. Pratt Jr (1938), 118.
18. Nan *History of the Church*, 3:46, referans.
19. Frederick G. Williams, "Frederick Granger Williams of the First Presidency of the Church," *BYU Studies*, vol. 12, no. 3 (1972): 261.
20. 1 Nefi 8: 24.
21. 1 Nefi 11: 25
22. 1 Nefi 8: 12
23. 1 Nefi 8: 26–27; gade vèsè 33 tou.
24. Gade 1 Nefi 11:35-36; 12: 18--19.
25. 1 Nefi 8: 33
26. 1 Nefi 8:28, italik ajoute.

27. Prezidan Boyd K.Packer te di: "Lajman akoz televizyon [ak Entènèt], olye nan gade twop nan biling lag la, nou menm, anfèt, ap viv ladan l." ("Finding Ourselves in Lehi's Dream," *Liahona*, Out 2010, 29).
28. Nan menm diskou a, Prezidan Thomas S. Monson te di: "Gwo kay laj la nan vizyon Leyi a reprezante moun ki nan mond lan k ap moke pawòl Bondye yo epi k ap ridikilize moun ki anbrase l yo ak moun ki renmen Sovè a epi k ap viv kòmandman yo" ("May You Have Courage." *Liahona* , Me 2009, 126).
29. 1 Nefi 8;33
30. 2 Timote 1:7-8
31. Soti nan konvèsasyon pèsonèl ak tradiksyon ekstrè soti nan yon istwa pa Alexanger Davydov, anrejistre 16 Jiyè 2010.
32. Jan 14:15
33. Doktrin ak Alyans 82:3
34. Moyiz 3:17
35. Gade nan 1 Nefi 19:9
36. Gade nan 2 Nefi 28:20
37. "Quels fondements fermes," *Cantiques* 44.
38. Thomas S. Monson, *Lyawona*, Me 2009, 126.
39. Jan 6:67
40. Jan 6:68-69.